

## Eskedil Iminizasyon Danfans ki Rekòmande

<b>Laj</b>	<b>Vaksen</b>
Birth	Hepatitis B (Hep B)
2 mwa	Difteri-Tetanòs-Koklich (DTaP), Hep B, Vaksen Enfliyanza Emofilis tip b (Hib), Polyo (IPV), Vaksen Nemoni Konjige (PCV), Rotavirus
4 mwa	DTaP, Hib, IPV, PCV, Rotavirus
6 mwa	DTaP, Hep B, Hib, IPV, PCV, Rotavirus, Enflyanza
12-15 mwa	Lawoujòl- Malmouton-Varisèl (MMR), PCV, Hib, Varisèl
12-18 mwa	DTaP
12 mwa-18 ane	Epatit A (Hep A - 2 dòz)
4-5 ane	DTaP, IPV, MMR, Varisèl
11-18 ane	Papiyomavirus Imen (HPV – 3 dòz), Menenjokokal Konjige (MCV), Difteri-Tetanòs-Koklich (Tdap)

Ou Bezwen asirans medikal pou pitit ou an? Aplike sou entènèt la nan [www.floridakidcare.org](http://www.floridakidcare.org) oswa rele 1-888-540-5437 pou yon aplikasyon

**Florida**  
**KidCare**




**Biwo**  
**Iminizasyon**

4052 Bald Cypress Way, Bin A11  
Tallahassee, FL 32399-1719  
(850) 245-4342  
Fax (850) 922-4195  
[www.ImmunizeFlorida.org](http://www.ImmunizeFlorida.org)



DH 150-372, 05/09 Nimewo Estòk 5730-372-0150-4



Vaksen pou Lekòl yo



**Biwo**  
**Iminizasyon**

Iminize Laflorid. Pwoteje Lasante.



## Dòz laj-apwoprye vaksen ki annapre yo se egzijans pou:

- **Swen gadri ak/oswa pou antre nan Gadri Familyal**

- Difteri-Tetanòs-Koklich (DTaP)
- Enflyanza Emofilis tip b (Hib)
- Lawoujòl-Malmouton-Ribeyòl (MMR)
- Nemoni Konjige (PCV)
- Polyo (IVP)
- Varisèl

- **Antre nan lekòl matènèl**

- Difteri-Tetanòs- Koklich (DTaP)
- Enflyanza Emofilis tip b
- Hepatitis B (Hep B)
- Lawoujòl- Malmouton-Ribeyòl
- Polyo
- Varisèl (Chickenpox) — swa vaksen an oswa istwa maladi an dokimantè pa yon founisè swen medikal

- **Antre nan Jadendanfan**

- Difteri-Tetanòs- Koklich
- Epatit B
- Lawoujòl- Malmouton-Ribeyòl
- Polyo
- Varisèl (Chickenpox) — swa vaksen an oswa istwa maladi an dokimantè pa yon founisè swen medikal

- **Antre nan Klas 7yèm**

- Tetanòs-Difteri-Koklich (Tdap)

## Fòm Egzijib Pou Dokimantasyon Iminizasyon

Yo dwe itilize Sètifikasyon Iminizasyon Laflorid, Fòm DH 680, pou dokimantè iminizasyon ki egzijib yo pou rantrè ak patisipe nan lekòl Laflorid yo. Se yon doktè nan Laflorid la oswa Depatman Lasante konti Laflorid la ki dwe ranpli fòm sa a. Si w ap vin abite nan Laflorid, pran yon kopi istwa iminizasyon konplè pitit ou an avan ou kite eta rezidans ou an. Depatman lasante konti lokal ou an pral bezwen enfòmasyon sa a pou konplete Fòm DH 680 an.

Pa bliye pou pote dosye iminizasyon pitit ou an avèk ou nan tout randevou kay doktè w yo. Kenbe dosye pitit ou an nan yon kote ki senesòf. Dokimantasyon iminizasyon egzijib pou rantrè nan preske tout kolèj, inivèsite, ak nan militè.

